



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO ETAP PWOGRÈ POU PWOJÈ EKSPANSYON LIRR

Otorite yo ap òganize kat reyinyon piblik pou detaye plan pou pwosesis revizyon anviwonmantal ak kòmantè odyans piblik, kontinye angajman Gouvènè a pou angajman kominotè san parè

Yo pa bezwen fè acha pwopriyete rezidansyèl pou pwojè a

Gouvènè a angaje tou pou akselere modifikasyon pou pasaj tren nan pwojè koridò a pou amelyore sekirite, redwi bwi ak diminye konjesyon trafik

Nouvo sitwèb ak sant enfòmasyon te lanse pou ede pibik la aprann plis sou pwopozisyon an epi bay opinyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gwo etap delavan pou Pwojè Ekspansyon Chemendefè Long Island, enkli yon angajman kontinyèl pou sansibilizasyon kominotè nan òganize kat reyinyon piblik, modifikasyon akselere pou tout pasaj tren yo sou pwojè wout la, epi ogmante transparans avèk piblikasyon nouvo rapò sou delimitasyon pwojè, sitwèb ak sant kominotè.

“Yon twazyèm ray sou liy prensipal la enpòtan pou avni Long Island,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pwojè sa pral fè LIRR vin pi fyab pou plizyè milyon kliyan, pandan lap elimine egalman plizyè pasaj danjere tren sou liy prensipal la. Pwopozisyon nou an pral asire ke nou ka kontinye amelyore kalite lavi ak devlope ekonomi nan rejyon an, e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo aprann plis sou fason nap travay pou delvope yon avni ki pi briayn pou Long Island.

Gwo Angajman Piblik

Depi Gouvènè Cuomo te fin devwale pwopozisyon an nan mwa Janvyè, yon ekip pwojè ki gen ladan anplwaye egzekitif ansanm avèk otorite prensipal nan MTA, LIRR ak DOT te travay san pran souf pou redefini plan an konsiltasyon etwat avèk otorite eli yo, mèt pwopriyete, biznis ak lidè sivik yo ansanm avèk lòt gwo entèvenan yo.

Jiska dat, yo te òganize plis pase 80 reyinyon avèk entèvenan yo, enkli majistra Vilaj Floral Park, New Hyde Park, Garden City, Mineola ak Westbury, lejislètè yo nan eta, asosyasyon sivik lokal ak komisyon konsèy lekòl yo, chanm komès, otorite yo ki soti nan Vil Hempstead, North Hempstead, Oyster Bay, Babylon, Islip ak Brookhaven

ansanm avèk Konte Nassau ak Suffolk. Gouvènè a te rankontre pèsonèlman pou diskite sou pwopozisyon an epi adrese enkyetid yo.

Byenke yonsèl reyinyon piblik obligatwa, yo te anonse kat reyinyon piblik jodia ki pral bay aksè dirèk pou piblik la a ekip pwojè a epi bay rezidan, pwopriyetè biznis ansanm avèk lòt entèvenan yo yon opòtinite pou diskite sou pwojè a epi fè kòmantè sou etandi travay ki nesèsè, sa ki pral lakoz nan yon deklarasyon enpak anviwonmantal kap soti nan fen ete sa.

Ogmante Transparans

Re-afime angajman l pou transparans, jodia Gouvènè a te pibliye yon [pwojè dokiman delimitasyon](#) ki detaye opsyon pou modifiye pasaj anivo ak analiz anviwonmantal ki pwopoze a. Yo te lanse pwojè a egalman nan www.AModernLI.com – yon sitwèb kote piblik la ka aprann plis osijè pwojè a epi bay opinyon dirèk.

Piblikasyon dokiman delimitasyon an vini preske twa semèn alavans de premye odyans piblik la, asire ke rezidan lokal, pwopriyetè biznis, ak otorite eli yo gen ase tan pou revize pwopozisyon an. Gouvènè Cuomo angaje pou asire yon nivo konplè angajman piblik osijè pwojè a, e otorite eta yo pral òganize kat odyans piblik separe nan tout koridò ki afekte a. Odyans sa yo ap òganize nan dat:

- Madi, 24 Me 2016 apati 11 am jiska 2 pm nan The Inn nan New Hyde Park, lokalize nan 214 Jericho Turnpike, New Hyde Park, NY 11040.
- Madi, 24 Me, 2016 apati 6 pm jiska 9 pm nan Hofstra University, nan Mack Student Center's Student Theatre, ki lokalize nan 1000 Fulton Ave, Hempstead, NY 11549.
- Mèkredi, 25 Me 2016 apati 11 am jiska 2 pm nan the "Yes We Can" Community Center, ki lokalize nan 141 Garden St, Westbury, NY 11590.
- Mèkredii, 25 Me, 2016 apati 6 pm jiska 9 pm nan Antun's, ki lokalize nan 244 W. Old Country Road, Hicksville, NY 11801.

Otorite MTA yo pral ouvè tou yon Pwojè Ekspansyon Sant Enfòmasyon apati 6 Me, ki lokalize nan platfòm sid nan estasyon tren Mineola. Sant enfòmasyon sa pral bay opòtinite pou moun yo revize etandi dokiman epi mande kesyon nan Madi ak Mèkredi apati 11am jiska 7pm, Jeid ak Vandredi apati 7am jiska 3pm, e Samdi apati 10am jiska 3pm.

Amelyore Sekirite Pasaj a Nivo

Gouvènè a te deja angaje pou modifiye toulè sèt pasaj tren nan nivo lari a nan pwojè koridò a men kounye a li pral fè sa sou yon baz rapid nan fason pou konsiderableman amelyore sekirite pou alafwa pyeton ak veyikil yo; pou redwi konsiderableman bwi klaksòn ak klòch tren yo; ak pou redwi konjesyon gwo trafik akòz pòt pasaj yo te an pann pandan pou peryòd tan pwolonje pandan lè vwayaj frekante yo.

Prezidan ak PDG MTA Tom Prendergast te deklare: “Nou tout konnen pasaj a nivo se yon pwoblèm kwonik, konplike sikilasyon an epi prezante defi sekirite toutan. Angajman Gouvènè a pou akselere konstriksyon an pou rezoud pwoblèm pasaj sou wout pwojè a se yon bon nouvèl pou tout moun.”

Rapò pwojè delimitasyon an prezante yon kantite opsyon amelyore sekirite enpòtan pou amelyorasyon pasaj tren ansanm avèk pwojè wout 9.8 kilomèt la. Amelyorasyon konstriksyon sa yo pral fèt tou sou yon orè rapid – avèk chak pwojè pasaj a nivo ap fini nan nèf mwa oswa mwens – pou konsiderableman fasilite konjesyon trafik lokal.

Pasaj tren sou segman liy prensipal LIRR ant Floral Park ak Hicksville ki pral modifiye se sa ki annaprè yo: Covert Ave., South 12th St. ak New Hyde Park Rd., tout nan New Hyde Park; Main St. and Willis Ave., nan Mineola; School St. nan Westbury ak Urban Ave. nan New Cassel.

Enfòmasyon sou Pwojè a

Avèk sèlman de ray kap desèvi Ronkonkoma, Port Jefferson, Hempstead, Oyster Bay ansanm avèk kèk branch tren Montauk, chemendefè a te istorikman antrave pa konjesyon pandan lè peryòd vwayaj ki frekante anpil yo ak reta souvan, keseswa se akòz yon tren ki an pann, kondisyon yon ray, yon ijans medikal oswa yon obstak. Yon twazyèm ray ap pote lòt amelyorasyon, sa ki gen ladan renovasyon enfrastrikti nan estasyon ak etablisman pakin LIRR yo, konstriksyon pou kenbe miray sipò sou seksyon nan koridò a pou diminye enpak pwopriyete ak renovasyon sistèm siyal ray tren, sou-estasyon, kanivo, entè-verouyaj, pasaj, kwazman. glisman, badaj, kouch balas, sistèm enèji ak sistèm kominikasyon.

Ekspansyon LIRR ap sipòte plan sèvis aktyèl la, e li se yon konpozan enpòtan pou siksè avni Pwojè Aksè nan Pati Lès LIRR, pran pasaje Long Island yo nan Grand Central Station ak nan Pati Lès Manhattan pou premye fwa. Ansanm pwojè yo prevwa pou diminye sou tan vwayaj pou anpil kliyan pou jiska 20 minit nan chak direksyon.

###

Waj jwenn enfòmasyon disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418